



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DIREKTÈ BIDJÈ ETA ROBERT MUJICA VOYE LÈT BAY ADMINISTRATÈ ADJWEN
FTA WILLIAMS KONSÈNAN PWOJÈ TINÈL GATEWAY**

Direktè Bidjè Eta New York lan Robert Mujica jodi a te voye lèt k'ap swiv la a bay Administratè Adjwen Administrasyon Transpò Federal lan (Federal Transit Administration, FTA) konsènan pwojè plizyè milya dola Gateway Tunnel pou konekte New York ak New Jersey.

Tèks lèt la disponib anba a:

Chè Administratè Adjwen Williams,

Kòm ou konnen, Gateway Tunnel ki konekte New York ak New Jersey enpòtan pou vitalite a lontèm pou tout rejyon Nodès la epi, kòm konsekans domaj enpòtan siklòn Sandy te lakoz an 2012, li vini reprezante kounye a pi gwo pwojè enfrastriki ki pi ijan pou nasyon an. Pwojè sa a pa nonsèlman reprezante yon priyorite lokal, men pito li konekte tout rejyon Koridò Nodès la e li se yon pwèn enpòtan echèk anpatikilye pou 10 pousan nan PIB tout peyi a.

Eta New York ak New Jersey, an asosyasyon ak Otorite Pòtyè (Port Authority) nan NY ak nan NJ, pi bonè nan mwa a sa a te anonse detay pou yo finanse 100 pousan patisipasyon lokal nan nouvo Gateway Tunnel lan. Detay sou angajman finansman sa a swiv yon plan akò ki te anonse piblikman an 2015, nan akò sa a gouvènman federal la te dakò pou li finanse 50 pousan nan pwojè tinèl Gateway, e patisipan lokal yo te aksepte pou yo finanse 50 pousan. Yo te devlope plan sa a nan yon efò pou avanse ak pwojè enfrastriki vital sa a anvan tan te vini ekspire sou tinèl North River a ki ekziste deja, ki ap vieyi e ki nan move eta.

Anplis, plan 50:50 lan, yo te diskite li nan yon rankont nan Mezon Blanch nan mwa Dawout ki sot pase a ak Prezidan an, Minis Chao, toulède Gouvènè yo, ak Sena ak yon delegasyon ansyen nan Chanm lan ki soti nan rejyon New York New Jersey kòm yon fondasyon pou nou ka kontinye vanse ak pwojè sa a. Lè USDOT retire kò li nan plan 50:50 lan sa tap reprezante kounye a abandon yon chemen yo te gentan dakò sou li deja ak tout fondasyon pou rive ekzekite pwojè vital enfrastriki nasyonal sa a.

Eta New York ak Eta New Jersey te prezante angajman enpòtan pi bonè nan mwa sa a, ansanm ak angajman atravè Port Authority ki bi-eta, pou li peye mwaye nan nouvo tinèl lan. Menm si angajman finansman sa yo tap itilize pwogram prè federal, yo pa ta dwe

mal-entèprete sa nan pyès fason kòm “asistans Federal” oubyen “depandans federal.” Lè yo fè sa, li pral an dezakò ak presedan ki dire plizyè deseni lè n’ap pale sou finansman pwojè enfrastrikti nan nivo ak enpòtans sa a. Abitan rejyon bi-eta a ap peye pou angajman an epi ekonomi rejyon Nodès la li menm depann sou li.

Kòm yon analogi, lè yon fanmi pran yon ipotèk pou yo achte yon kay, se fanmi an ki responsab pou li peye ipotèk sa a. Se menm sitiyasyon an nou gen la a - ak New York epi New Jersey ki responsab pou kont tèt pa yo pou yo repeye prè a. Lè fanmi an fini peye ipotèk la, pèsòn pa panse se bank lan ki te achte epi ki peye pou kay la paske se yo menm ki te prete lajan an. Ak Gateway, lè sponso lokal yo peye prè federal la, se sponso lokal yo ki vinn peye pou mwatye pa yo a nan tinèl lan, se pa gouvènman federal la.

Nou vle tou klarifye pwopozisyon nou an enkli reyabilitasyon tinèl ki ekziste deja epi, jan nou te deklare, nou gen plan pou nou idantifye yon angajman 800 milyon dola pou pòsyon sa a nan pwojè a nan fiti. Kòm ou konnen, poutan, priyorite ki pi ijan ak pi kritik se jwenn yon wout pou nou avanse pou kòmanse travay nan nouvo tinèl lan.

Nou pa ka tann pou nou kolabore ak Administrasyon an ak Gouvènman Federal la nan 2018 pou nou fè pwojè vital sa a avanse, epi volonte ou pou ou eksplòre opsyon pou fasilite li ba nou ankourajman. N’ap tann tou pou nou resevwa detay plan federal la pou revitalize enfrastrikti nasyon an, epi nou espere kèlkeswa pwogram nasyonal ki gen anbasyon pou li ranfòse enfrastrikti nou yo dwe kòmanse ak Gateway.

Kòdyalman,

Robert Mujica, ki se Direktè Bidjè Eta New York

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418